# Рагьараб дарс

## Дарсил тема «Рекlелъ даим чlаго хутlила»

**Дарсил мурад.** а) Ватlан цlуни ва гьеб бокьи

б) Ватlаналде рокьи дагьабги цlикlинаби

в) Совет халкъалъул биун тlураб гьудуллъи вацлъи

**Эпиграф**

Щивго кlочон тун гьечlо

Щибго кlочlон тун гьечlо

Кlудияб улкаялда

Миллион гlадамазда

**Дарсил ин**

1- Рорчlами,лъимал!

Салам учитель, лъикl щварал гьалбал.

2- Жакъа нилъер буго адабияталъул гlадатияб гуреб дарс

3- Хириял лъимал исана нилъер Ватlаналъ кlодо гьабулеб буго Гитлерил фашизмаялда тlад бергьенлъи босаралдаса 69 сон тlубай.

-1941 соналъ гьатlан къоялъ сагlат анлъгоялда нилъер Ватlаналде Совет пачалихъалде тlаде Гитлерил армиялъ гlарадаби разе байбихьана.

Байбихьана Ватlанияб рагъ, гьеб букlана дунялалда тlад бищун вахlшияб ва гlемер би гlодоб тlураб 1418 къоялъ халат бахъараб рагъ

- Гьедин рагъде ана чамилаго миллион чи. Совет Союзалъул 50 миллион чи хвана гьеб рагъулъ .1000000 чиясе щвана орденал медалал. Гьезда гьоркьоса 58 чи вахъана Совет Союзалъул ва Россиялъул



Scanned by TapScanner

Бахlарзаллъун 7-гояв мустахlикълъана лъабабго даражаялъул «Кlудияб Ватlанияб рагъ» орденалъе.

1940-абилеб соналъ рагъде вас тlовитlичlей эбел хутlун йикlун ятиларо тlоритlана тlадруссун рачlиналде хьулгун.

- Ватlан цlунизе арал дагъистанияз бахlарчилъи ва хlинкъи гьечlолъи бихьизабуна, кире кканиги Ватlаналде бугеб рокьи цlунана ва гьелъие гlоло рухl бичун рагъана. Гьел рагъана «Бергьенлъи, ялъуни хвел!» - абураб гьагун. Нилъеда гьел кидаго кlочене гьечlо.

Гьединавлъун ккола тlоцебе Бахlарчиялъул цlар щварав Гъуниб районалъул Мохlоб росулъа бахlарчияв ралъдахъан Мухlамад Хlажиев. Гьесул нухмалъиялда гъоркь 27 гама гъанкъизабуна.

- Ватlан цlунулезцл цереса кьерда рукlана поэтал ва хъвадарухъаби. 40-ялдаса цlикlкlун хъвадарухъанас гlахьаллъи гьабуна Ватlанияб рагъда. Гьел рагъана кочlодалъун хочодалъун, Нилъеда гьел кидаго кlочене гьнчlо.

- Лъимал нужеда гьезул цlарал лъалищ? Щал гьел кколел?(Ражаб Динмухlамаев,Гlабдулмажид Хачалов, Мухlамад Сулиманов, Эффенди Капиев, Багьавудин Митаров, Мухтар Абакаров, Мутlалиб Митаров, Къади Абакаров)

- Магlарулазул пасихlав поэт, драматург Гlабдулмажид Хачаловас 1943 соналдаса нахъе хъулухъ гьабуна Багlараб армиялда, гlахьаллъана Кlудияб Ватlанияб рагъда. Бергьенлъиги босун тlад вуссун хадув, Хачаловас хъвалеб буго поэма «Хваразул Цlаралдасан»

- Поэма кинаб асар кколеб?

-Поэма – ккола кочlодалъун хъвараб, кlвар бугел лъугьа-бахъиназул бицунеб асар.

1- Амма бихьана рагъ – балагьалъул рагъ

Басирова

2- Бихъ – бихъун, бухъ – бухъун балеб букlана

Джамиля

- Гьал кочlол мухъаздаса бихьулеб буго рагъ гlасияб ва вахlшияб букlин.

- Кин ва сундуе гlоло рагъарал?

3- Макьу тун рагъана квен тун рагъана

- Дагъистаналъул бахlарзазул кинал цlарал рехсон ругел поэмоялда?

4- Имам Шамиль, Мухlамад Хlажиев, Сагlадула Мусаев, Гlабдулмажидов,Гlабдулманапов

Гасанов

- Рагъухъабазда гьоркьоб кинаб гьудуллъи букlараб?

5- Рукlана киналго цlакъ гlадатиял

-Кинаб бадичlвай гьабулеб бугеб рагъда чlвараб гьудулас.

6- Мармарги вайрахъги гьарулел гуро

– Щиб гьарулеб бугеб авторас поэмалъул ахиралда?



Scanned by TapScanner

7- Магlарулал, дирго рахъалъ абила

- Лъимал, ракlалде щвезареха арал классазда малъарал рагъул темаби, ва лъица гьель хъварал?

- Тема щиб жо кколеб?

Тема – хъвадарухъанас тlаса бищараб ва жиндирго асаралда жаниб бихьизабураб лъугьа-бахъин, асаралда жаниб жиндир хlакъалъулъ бицен гьабулеб жо.

- Расул Хlамзатовасул « Россиялъул солдатал», «Къункъраби».

Ражаб Динмухlамаевасул «Хиянатчи». -

«Россиялъул солдатал» - кечl буго Ватlаналъе, ракьалъе, халкъалъе хилиплъичlев, гьезие ракълилаб гlумру букlиналъе гlоло рухlалда барахщичlев, Гlахьвахъ районалъул Кlаратlа росулъа дагъистанияв Мухlамадзагьид Гlабдулианаповасул хlакъалъулъ.

Сундул хlалкъалъулъха гьел хъван ругел?

- Рагъул, Ватlаналъул, гьудуллъиялъул, хlакъалъулъ

- Цо шагьаралдаса цого милаталъул васалищ гьенир рукlарал?

- Гуро. Гьенир рукlана Россиялъул батl – батlияв шагьаралдаса ва росабалъа гlолилал. Гьезда гьоркьов вукlана Дагъистаналдаса магlарулав Мухlамадзагьид Гlабдулманаповги.

- Симферополалда буго цо гlамаб хоб

- Кин гьел рагъарал?

– Гьал рагlаби лъица абурал, гьезул магlна нужеда кин бичlчlараб?

- « Дун гlурусав гуро, совет чи вуго ,

Гьал чlварал гlадамал дир вацал руго.

Ниж цого ватlаналъ гlезе гьарурал.

Гучаб Россиялъул солдат руго.

- Гьел рагlаби абуна нилъер ракьцояв Мухlамадзагьид Гlабдулманаповас. Гьесие абизе бокьун букlана киналго эбелаб Ватlаналъе гlоло рагъулел ругин, цо Ватlаналъе гlезе гьарурал лъимал цоцазе вацал кколин. Гьев фашистаз, гlазабги кьун чlвана.

– Исана нилъер ракьцояв Гlабдулманаповас тlубала 99 сон.

Монтаж

1. «Мухlамадзагьид Гlабдулманаповасде».
2. «Нилъ чlухlарав бахlарчи».
3. «Дур бахlарчиялъул хвел букlунаро».
4. «Гlахьвахъ районалъул бахlарчияв вас».
5. « Нижер эркенлъи цlунун».

- Чан абилеб соналъ хъвараб Расул Хlамзатовас «Къункъраби» абураб кечl?

- 1965 соналда Расул Хlамзатовас хъвана « Къункъраби» абураб кечl.

« Къункъраби» - рагъул заманалда гlемерал гlолохъабаз гlумру кьуна нилъее ракълилаб гlумру букlиналъе гlоло, Кlудияб Ватlанияб рагъда камуна

Дагъистаналдаса гIемерал гIолохъаби. Хвана Чачаналда, Афгъанистаналда, 1999 соналда ракIалдаго гьечIого Дагъистаналде рещтIарал вагьабиязулгун ккараб рагъулъ. Гьел гIолохъаби Расулица къункърабигун дандекколел руго.

Хурзадай

- Нужер ракIазе кинаб асар гьабулеб гьеб кечIалъ?

- Пашманлъиялъул асарал гьабула

- Расул ХIамзатовас « Россиялъул солдатал кочIолъ лебалал, кьварарал гIолохъабазул бицун батани, Ражаб ДинмухIамаевасул « Хиянтчи» асаралъул лъил бицунеб бугеб, ва « Хиянатчи»

цIар щай кьун бугеб? Щив гьев кколев?

- Гьаниб бицунеб буго хIалихьатав, нахъечIанав, хIинкъарав, нич – намус тIагIарав, кинабгIаги жинда божелъи гьабизе бегьуларев хиянат чиясул хIакъалъулъ. -

Хиянатчи ккола ВатIаналъе хилиплъарав чи.

– Лъимал нужеда кин бичIулеб ВатIан абураб рагIул магIна?

- ВатIан ккола нилъ рижараб, гIураб ва жаниб гIумру гьабулеб росу, ракь.

- Лъимал щивха гьаб асаралъулъ хиянатчи кколев? МухIамадиш, ГIалибегиш? Нужее кинавха вокьулев? Щай?

-МухIамад вукIана хIалихьатав божизе бегьуларев хиянатчи.

-ГIалибег вокьула щайгурелъул гьев вукIана хIинкъи гьечIев кьварарав яхI – намус бугеб, божи гьабизе бегьулев гIолохъанчи.

– Кинха гьел солдатал хварал, ахир кинабха ккараб? Данде кквe МухIамадзагьидги МухIамадги?

- ГIабдулманапов вукIана бахIарчи ва бахIарчиго хвана. МухIамад вукIана хIалихьатав, нахъенагIанав нич – намус тIагIарав, абуралъ чIвана, хиянатчиясе гьаб ракьалда, дунядалда тIад бакI гьечIилан.

- Лъидаха лъалев ВатIаналда, бахIарчилъиялда, хIалихьалъиялда, рагъда, хурхарал кицаби?

1. Рагъулъ гIемер ургъулез
Бахlарчилъи гьабуларо
2. ВатIан хириясе, хвел
3. ГIадамал холла, БахIарчи даим чIаго хутIула
4. Рагъалъ къед баларо, бараб биххун гурони
5. Рагъдаса лъутизе хIинкъарав – гьеле гьев вуго бахIарчи.
6.Ракъулъе реханиги месед холареб
7. Гъалбацlалъ цIоко толеб бахIарчияс цIар толеб.
8. БахIарчиясул цIар цIвабазде гIунтIулеб.
9. Тушманасе наку чIвазегIан, Жиндирго къаданиб зани чIван лъикI.
10. Цо лахIзаталда жанив бахIарчиги вахъунев,цо лахIзаталда жаниб чилъиги холеб.



Scanned by TapScanner

11. БахӀарчи кьалда хола,
ХӀалихьат боснов хола.
12. БахӀарчияс къохӀехьола,
ХӀалихьатас мугъ рехула.
13. Гъалбацӏлъун рагъда хвей лъикӏ,
ГӀанкӀлъун чӀаго хутӀиялдаса.
14. БахӀарчиясе халкъалъ къойиль бетӀер къулула,
ХӀалихьатие халкъалъ къойиль нагӀана кьола.

- Лъимал, нужер хӀисабалда, жакъа къоялда данде чӀвалищ МухӀамадзагьид ГӀабдулманапов гӀадал гӀолохъаби?

- 1999 сон. Риидалил гӀуж. РакӀалдаго гьечӀого, бецӀаб сардил гӀужалъухъ балагьичӀого, Дагъистаналде, хасго ЦӀумада ва Болъихъ районазде рещтӀана чӀегӀераб балагь. Ракълил заманалда байбихьана рагъ. ГӀодосанго умумузул батараб гӀадат, гӀамал, дин хисизабизеян лъугьана вагьабиязул боевикал. Гьеб рагъда гӀолохъанаб жидерго гӀумруялъухъ балагьичӀого ВатӀаналъе гӀоло, нилъее ракълилаб гӀумру букӀиналъе гӀоло рухӀ кьуна гӀемерал гӀолохъабаз. Гьезда гьоркьор дие рехсезе бокьун буго нилъер ракьцоял гӀолилазулги цӀарал. ХӀусенов Закаря, Сабигулаев Сулейман ва тумав Берцинаев МухӀамад. Гьел гӀолохъаби хвана, амма гьезул ишал ва цӀарал даим чӀаго рукӀина. Гьезул цӀарал кьун руго школазе ва къватӀазде.

Амма абизе бокьун буго «Хиянатчи» асаралдаса хӀалихьатав МухӀамадида релълъарал, гӀарцухъ, долларазухъ чилъигун вацлъи ва ВатӀан бичаралги гӀолохъаби гӀезегӀан рукӀанин гьезда гъорлъги. Дида ракӀалде ккола дунялалда тӀад гьединал гӀадамазде бакӀгьечӀин ва букӀениги кколарин.

КечӀ « Ч!арадисезул гимн»

- Алжан насилъун батайги гьезие
- Хириял лъимал ва тӀаде рачӀарал!
-ЦӀакъ бокьилаан нилъерго ракьцоял, ВатӀан цӀунулаго чӀварал гӀолохъабазул къимат гьабун цо минуталъ сихӀ къотӀун чӀани.
-Баркала гӀодор чӀа!

Сценка. « Пионеразул хоб»
КӀодо -
Солдат -
Пионер -
КечӀ « Къункъраби»

- Лъимал жакъа нилъеца бицараб щинаб жоялдаса кинаб хӀасил нужеца гьабураб?

- ВатӀан бокьизе ккола, цӀунизе ккола, ккараб къо борхизе ккола расги хӀинкъичӀого.

- БитӀун буго.

- Дарс лъугӀизабизе бокьун буго дие гьадинал рагӀабаздалъун.

- Воре ВатӀаналъе хилиплъуге нуж
ВатӀан нилъер ракьин, нилъер эбелин
ВатӀан бичараца эбел йичулин
Эбел йичарасул чилъи тӀагӀунин.

- Кире щваниги, дир хирияв лъимал, ракӀалда букӀа нуж магӀарулал рукӀин. МагӀарул яхӀ – намус рехун тоге, гӀаданлъиги чилъиги хвезе тоге. Гьеб буго нужер бищун кӀудияб кӀудияб бечелъи.

- Къиматал лъей.

- Рокъобе хӀалтӀи. Сочинение «Рагъул бахӀарзал».

- Къо – мех лъикӀ.